

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

BIWO TRAVAY PIBLIK

Yon Gid pou Ajans ki Gen Kontra yo

RESPONSABILITE AJANS KI GEN KONTRA A

Yon Ajans ki Gen Kontra (Depatman Otorite) gen ladan l:

- Yon depatman, ajans, komite oswa komisyon eta
- Yon rejyon, vil, katye oswa vilaj
- Yon distri lekòl, komite edikasyon oswa komite sèvis edikasyon nan kolaborasyon
- Konpayi egou, dlo, pou dife, amelyorasyon ak lòt konpayi nan distri a
- Yon konpayi byennèt sosyal
- Yon otorite piblik k ap bay yon kontra travay piblik

Yon Ajans ki sou Kontra k ap bay yon kontra travay piblik dwe gen yon Plan Montan Yo Peye Nan Moman an ki dekri montan yo peye pa èdtan ak montan anplis yo dwe travayè yo anboche pou travay nan yon pwojè travay piblik. Pou w jwenn yon plan, voye yon fòmilè "Demann Enfòmasyon pou Salè ak Ogmantasyon" (PW-39) bay Biwo Travay Piblik la. Plan Montan Yo Peye Nan Moman an dwe nan deskripsyon pou kontra y ap bay la e l ap fè pati kontra piblik la.

Aprè yo fin bay yon kontra, lalwa mande pou Ajans ki Sou Kontra a bay Biwo a enfòmasyon ki annapre a:

- Non ak adrès moun ki gen kontra a
- Dat yo te bay kontra a
- Kantite lajan kontra a vo

Pou kontribiye nan respè dispozisyon ki nan Lwa Travay la, gen yon kopi fòmilè "Avi Kontra yo Bay" (PW-16) Depatman Travay la nan Plan orijinal Montan Yo Peye Nan Moman an e yo ka voye l anliy tou.

Ajans ki sou Kontra a dwe fè Biwo konnen lè nenpòt pwojè piblik reyalize oswa anile. Fòmilè "Avi Reyalizasyon/ Anilasyon Kontra" (PW-200) Depatman Travay la nan Plan orijinal Montan Yo Peye Nan Moman an, e yo ka voye l anliy tou.

ÈDTAN

Pa gen okenn ouvriye, travayè, oswa mekanisyen k ap travay sou yon kontra oswa ak yon moun k ap fè yon travay nan yon kontra yo anboche pou travay nan yon pwojè travay piblik k ap gen otorizasyon pou l travay plis pase uit èdtan nan yon jounen oswa plis pase senk jou pa semèn, sof si gen yon gwo ijans.

MONTAN YO PEYE NAN MOMAN AN

Ajans ki sou kontra a dwe bay yon kopi ki gen tout moun k ap travay sou kontra yo Plan pou Montan yo Peye Nan Moman an. Epi yo menm y ap gen pou yo bay chak moun k ap gen yon travay pou yo fè nan kontra a kopi yo epi jwenn yon deklarasyon ki konfime yo jwenn plan an.

Chak ane, komisè Travay la deside montan y ap peye yo. Desizyon sa a ofisyèl soti 1ye jiyè pou rive 30 jen nan ane apre a. Tout Plan Montan yo Peye yo gen mizajou otomatik pou yo vin adopte nouvo montan yo fikse chak ane a nan dat 1ye jiyè.

Ni desizyon ki pran chak ane a, ni Nouvo Montan pou Pri yo Peye a disponib sou sit entènèt Depatman Travay la ki se: www.labor.ny.gov

KOU 10 ÈDTAN OSHA

Tout travayè nan pwojè travay piblik k ap koute omwen \$250,000 gen obligasyon pou pran kou sekirite konstriksyon sa a. Dispozisyon pou egzijans sa a dwe nan dokiman pwopozisyon ak kontra yo.

PÈMAN AK DOSYE PÈMAN

Chak konpayi ki gen kontra ak moun k ap travay sou kontra dwe kenbe pèman oswa relve orijinal yo dakò ak konfime ki se laverite anba sanksyon pou vyolasyon.

Omwen, pèman yo dwe gen enfòmasyon ki annapre yo pou chak moun k ap travay nan yon pwojè travay piblik:

- Non
- Nimewo Sekirite Sosyal (kat dènye chif)
- Kategori yo te anboche travayè a
- Montan yo peye pa èdtan
- Montan siplemantè yo peye oswa bay
- Kantite lè moun nan travay chak jou ak chak semèn nan chak kategori

Chak konpayi ki gen kontra ak moun k ap travay sou kontra dwe voye yon relve pèman orijinal yo dakò ak konfime a ki se laverite anba san anba sanksyon pou vyolasyon, bay Ajans ki Sou Kontra a, nan espas 30 jou apre l fin resevwa premye pèman salè a epi apre sa chak 30 jou.

Depo fich pèman an se yon kondisyon pèman. Moun ki responsab kontra a responsab nenpòt pèman ki manke pou montan yo peye nan moman an oswa siplemantè yon moun yo met travay sou yon kontra fè.

Tout moun ki sou kontra yo oswa moun yo pran pou travay avè yo dwe bay moun k ap travay avè yo sou kontra a yon kopi Plan Montan yo Peye Nan Moman an ki mansyone nan kontra travay piblik la.

Ajans ki Gen Kontra a gen pou l ranmase epi konsève dosye pèman salè yo tou pandan senk lane apati dat travay la fin fèt la, epi chwazi pa ekri yon moun k ap travay avè l pou bay responsab pou pran pèman sètifye yo epi analize yo pou verifeye si yo valid.

RETIRE NAN LAJAN

Ajans ki gen kontra a gen obligasyon pou l retire epi kenbe lajan an lè Biwo a mande l fè sa. Yo ka pa bay lajan an jiskaske yo fè Biwo a konn sa a.

ENFÒMASYON POU KONTAKTE

Depatman Travay Eta Nouyòk
888-469-7365
www.labor.ny.gov